

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimyè a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : **1-800-222-1222**
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Aprann Ransèyman Konsènan Medikaman Ou-Yo



Haitian Creole



NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center




Funded by
the Pfizer Foundation

Ki jan mwen kapab aprann ransèyman konsènan nouvo medikaman mwen ?

- Genyen twa fason fasil.


1. Mande doktè-ou.



2. Mande famasyen -an.



3. Li etikèt ki sou bwat remèd-la.



Kisa mwen ta bezwen mande anvan mwen kòmanse pran yon nouvo medikaman ?

- Poze doktè a oubyen famasyen an kesyon sa-yo :

Ki jan medikaman mwen an rele ?

Genyen medikaman ki genyen de non.

Youn se non mak medikaman an. Lòt la se yon non jenerik.

Pou kisa medikaman mwen-an ye ?

Mande si medikaman ou-lan pral :

- Ede ou ak sentòm ou santi yo
- Anpeche yon maladi
- Geri maladi ou genyen an

Ki jan pou mwen pran medikaman mwen an ?

Mande :

- Ki lè pou pran l
- Ki kantite pou pran
- Pandan konbyen tan ou bezwen pran l
- Si pou ou pran l ak manje oubyen pou kont li

Ki kalite efè segondè mwen kapab genyen ?

Mande kisa pou atann.

Efè segondè tout moun gen tout tan se :

- Maltèt
- Lestomak boulvèse

Kisa pou mwen fè si mwen manke pran yon nan dòz medikaman mwen ?

Rele doktè a oubyen famasyen an si ou rate yon dòz nan medikaman an.

Mande yo kisa pou ou fè.

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimyè a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : **1-800-222-1222**
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Prekosyon Pou Pran ak Medikaman



Haitian Creole



NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center



Funded by
the Pfizer Foundation

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimye a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : **1-800-222-1222**
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Medikaman Doktè Preskri Ou Yo



NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center



Funded by
the Pfizer Foundation

Haitian Creole

Kisa yon medikaman doktè preskri ou ye ?

- Se yon medikaman yon pwofesyonèl ki gen lisans nan zafè lasante preskri espesyalman pou oumenm sèlman.
 - Yon doktè
 - Yon enfimyè pratisyen
 - Yon asistan doktè
 - Yon dantis
- Wap jwenn li nan famasi.

Kesyon ak Repons

K: Kisa pou mwen fè si mwen genyen kesyon sou medikaman mwen lanwit, pandan jou konje oubyen pandan fen semenn ?

R: Rele **Poison Control Center** (sant pou kontwòl pwazon) Genyen yon famasyon oubyen yon enfimyè ki toujou la. Yo bay konsèy gratis.

Rele
1-800-222-1222

Oubyen nan
1-212-POISONS
(1-212-764-7667)



Ki kantite nan medikaman doktè a preskri a pou mwen pran ?

- Mande doktè a oubyen famasyon an. Li etikèt-la tou. Ou bezwen konnen :
 - Ki kantite medikaman pou ou pran
 - Konbyen fwa pou pran li nan lajounen an
 - Ki lè pou pran li
 - Konbyen fwa ou kapab renouvle medikaman-an nan famasi

R_x: 240566

PRAN 1 GRENN LÈ OU PRAL DÒMI

“Medikaman A” Grenn 5 MG
Renouvle 5 fwa anvan 09-06-2002
Kantite : 60

Modèl machaswiv ki sou etikèt yon preskripsyon

Ki lòt bagay mwen bezwen konnen konsènan medikaman mwen ?

- Gade sou otokolan ki sou boutèy-la. Li kapab di ou :
 - Ki jan pou pran medikaman ou
 - Avètisman kont pwoblèm medikaman an kapab poze
 - Ki jan ak ki kote pou mwen kenbe medikaman-an

Renouvle 5 fwa anvan 09-06-2002
Kantite : 60
Dat yo te achtete medikaman an : 09-06-2001
Dat ekspirasyon : 09-06-2002



**OU FET POU PRAN
MEDIKAMAN AN
LE WAP MANJE**

Modèl machaswiv ki sou yon otokolan famasi

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimyè a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : **1-800-222-1222**
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Medikaman Yo Vann San Preskripsyon



NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center



Funded by
the Pfizer Foundation

Haitian Creole

Kisa yon medikaman yo vann san preskripsyon ye ?

- Se yon medikaman ke ou kapab achte san ou pa bezwen preskripsyon pou li
- Ou kapab jwenn li nan famasi ak nan makèt.



Kèk medikaman yo vann san preskripsyon.

Ki jan pou mwen chwazi yon medikaman sou le mache ?

- Mande doktè-ou oubyen famasyen-ou.
 - Di yo ki sentòm ou santi. Mande yo ak ki medikaman pou ou sèvi.
 - Kite yo konnen si ou pa jwenn alemye byen vit.
- Li etikèt-yo.
 - Fè yon lis sentòm ou santi.
 - Konpare sentòm ou santi yo ak sentòm ki ekri sou etikèt-la.

Ki jan pou mwen fè konnen ki medikaman pou mwen pran ?

- Li etikèt-la. Lap di ou :
 - Konbyen fwa nan yon jounen pou pran li
 - Ki lè pou pran li
 - Si se pou granmoun sèlman

Machaswiv Granmoun ak timoun 12 an oswa plis	pran 2 grenn chak 4 a 6 èdtan; pa plis pase 12 grenn nan yon peryòd 24 èdtan
Timoun 6 an jiska timoun ki prèt pou gen 12 an	pran 1 grenn chak 4 a 6 hours; pa plis pase 6 grenn nan yon peryòd 24 èdtan

Modèl machaswiv ki sou yon etikèt

Ki jan pou mwen fè konnen si medikaman-a ka koze danje pou mwen ?

- Li avètisman-yo sou etikèt-la. Yo kapab di ou :
 - Ki moun ki pa fèt pou pran li poutèt pwoblèm medikal
 - Ki lè pou rele doktè a
 - Efè segondè ou kapab genyen
 - Ki bagay ou pa dwe fè (tankou kondwi machinn)
 - Ki moun pou rele si ou pran twòp medikaman

<p>Avètisman</p> <p>Pale ak doktè a anvan ou kòmanse itilize medikaman an, si w gen</p> <ul style="list-style-type: none"> • Glokòm • Yon pwoblèm respiratwa, tankou etoufman oswa bwonch kwonik • Pwoblèm pou fè pipi pase grann pwostat ou yo vin laj
<p>Pale ak doktè a oswa famasyen an anvan ou itilize medikaman an si wap pran lòt medikaman.</p>
<p>Kenbe medikaman an kote pou timoun pa jwenn li.</p>

Modèl avètisman ki sou yon etikèt

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimyè a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : 1-800-222-1222
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Vitamin, Remèd Fey Ak Mineral



Haitian Creole




NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center



Funded by
the Pfizer Foundation

Ki sa vitamin, remèd fèy ak mineral-yo ye ?

- Ou kapab jwenn vitamin ak mineral natirèlman nan anpil manje.
- Remèd fèy genyen engredyan aktif yo pran nan plant.
- Ou kapab achte yo san ou pa bezwen preskripsyon doktè pou yo.
- Ou kapab achte yo nan magazen “health food”, nan famasi oubyen nan makèt.



Kèk vitamin, remèd fèy ak mineral

Ki jan pou mwen konnen si vitamin, remèd fèy ak mineral-yo pa gen danje ladan yo ?

- Mande doktè a oubyen famasyen an.
 - Di yo ki pwoblèm sante ou genyen

Mande si vitamin, remèd fèy oubyen mineral ka ede ou

 - Di yo ki lòt medikaman wap pran

Gen kèk medikaman ki pa travay byen lè ou pran yo ansanm.

Ki jan pou mwen pran vitamin, remèd fèy oubyen mineral mwen yo ?

- Mande doktè a oubyen famasyen an :
 - Konbyen pou pran
 - Ki lè pou pran l
 - Ki kalite pwoblèm medikaman ka ba ou
 - Si ou bezwen pran l ak manje oubyen pou kont li

Egzanp vitamin, remèd fèy ak mineral :

- Vitamin C (vitamin)
- St John Wort (remèd fèy)
- Ginseng (remèd fèy)
- Fè (mineral)

Fò Ou Fè Atansyon Anpil Ak Medikaman

Ekri non tout medikaman wap pran

- Mete preskripsyon, medikaman yo vann san preskripsyon, vitamin, remèd fèy ak mineral ladan yo
- Ekri tout alèji ou genyen

Di doktè a, enfimyè a oubyen famasyen an si wap eseye ansent, si ou ansent ou si ou bay tibebe tete.

- Genyen kèk medikaman ki kapab fè ti bebe-ou di mal.

Mande si ou kapab bwè tafya pandan wap pran medikaman

- Tafya kapab chanje ki jan medikaman-an travay andedan kò ou.

Si ou genyen kesyon sou medikaman ou-yo, rele

Doktè-ou :

Famasyen-ou :

Sant kontwòl pwazon : **1-800-222-1222**
1-212-POISONS

24 è pa jou, 7 jou pa semenn



Randevou Medikal-Ou



Haitian Creole



NYC Poison Control Center
(Sant pou Kontwòl Pwazon nan NYC)
NYC Department of Health and Mental Hygiene
(Depatman Lasante ak Ijyèn Mantal nan NYC)
Bellevue Hospital Center (Lopital Bellevue)
Literacy Partners, Inc. (Asosye nan Pwogram Alfabetizasyon)
Real World Productions, Inc. (Pwodiksyon Lemond Reyèl)
©2002 NYC Poison Control Center



Funded by
the Pfizer Foundation

Ki jan pou mwen pare tèt mwen pou male nan yon randevou kay doktè ?

- Ekri kisa ou santi.
- Ekri tout medikaman ouap pran.
- Ekri tout kesyon ou vle poze.
- Pote ransèyman sa-yo avèk ou.

Kèk nan kesyon yo kapab poze ou (Ekri repons-yo)

Ki lòt maladi ou te soufri nan le pase ?

Ki kalite maladi moun nan fanmi-ou yo te genyen oubyen genyen ?

Ki kalite operasyon ou fè deja ?

Eske ou soufri ak alèji ?



Kisa pou mwen fè pandan randevou-a ?

- Di doktè a oubyen enfimiyè a pou kisa ou vini nan klinik la.
- Di yo ki sentòm ou santi.
- Di yo ki medikaman wap pran.
- Poze kesyon si ou pa konprann yon bagay.

Kisa pou mwen fè si doktè a vle wè mwen ankò ?

- Pran randevou pou pwochen vizit la avan ou kite klinik la.
- Mande pou yo bay ou yon kat ki gen dat randevou-a sou li.
- Kenbe kat sa-a yon kote pou ou ka wè li souvan.
- Ekri dat pwochè vizit nan yon kalandriye.

Pwochen randevou a se pou	
Lendi 6/10/02	
a 3:00 PM	
Dr. Smith 32 Main St. New York, NY 12345	<i>Vini ak radografi yo</i> 212.333.5555

modèl yon kat pou randevou